


La Bib pou ti moun
prézanté

Lè Jezi te
fèt



Ékri pa : Edward Hughes
Ilistré pa : M. Maillot
Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.
Tradwi pa : Christine Pierre-Lhermite
Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2014 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Nan tan lontan, Bondye te voye yon zanj Li ki te rele zanj Gabriyèl pou li te pale ak yon jèn fi, pitit yon Jwif ki te rele Mari. Zanj lan di Mari konsa "wa pral fè yon pitit e ou va rele Li Jezi.

Lemonn pral rele Li pitit Gran Mèt la. Se Li menm ki pral gouvènen jiska la fen dè tan."



"Ki jan yon bagay konsa ka fèt?"
Mari mande tou sezi. "mwen pa
janm gen relasyon ak okenn
gason!" Men zanj lan di Mari
konsa, se pa yon nonm
kap papa pitit sa-a
paske se Bondye
kap voye Li.



Zanj lan di Mari ankò ke kouzin li-an ki rele Elizabèt la, pral fè yon pitit tou. Evenman sa se yon mirak tou paske Elizabèt te gran moun. Tou swit apre, Mari al wè Elizabèt e yo bay Bondye glwa ansanm.



Mari te fyanse ak
yon gason yo te rele
Jozèf. Jozèf te
tris anpil lè li aprann
ke Mari ansent.
Li panse ke Mari
tap twonpe li ak
yon lòt gason.




Sèlman, nan yon rèv, zanj Bondye-a di Jozèf konsa ke pitit ki nan vant Mari-a se pitit Bondye. Alò, Jozèf pran Mari abite avèl, pou li te ka ede-l okipe Jezi.



Jozèf te fè Bondye konfyans anpil e li te toujou obeyi Bondye tou. An plis de sa, Jozèf te toujou respekte lwa peyi-l tou.

Se poutèt sa ke akòz yon nouvo lwa, li menm ak Mari te



retounen nan lavil kote yo te fèt lan, pou yo t-al enskri pou premye resansman lèzòm.





Lè Mari te rive pou li
te akouche. Sèlman,
Jozèf pat arive
jwenn yon chanm
kay lwe ankenn
kote e tout lotèl
yo te plen.



A la fen, Jozèf jwenn yon tonèl kote yo bay bèt
manje pou li pare tèt li ak Mari. Mari akouche la tou
e li mete Jezi kouche nan
yon manjwa ki
te gen pay.



Nan menm zòn nan te gen gadyen mouton ki tap
veye twoupo yo ki tap dòmi. Zanj
Bondye-a parèt ba yo e li di yo

kalite bòn
nouvèl
la.



Li di yo konsa : "Jodi-a, nan lavil David la, gen yon
sovè ki fèt e ki rele Kris Senyè-a.

Na va jwenn li kouche

nan yon
manjwa".




Nan menm moman sa, yon pakèt lòt zanj
antoure ak limyè parèt, yo tap chante
lwanj pou Bondye e yo tap di: "Glwa
pou Bondye ki nan Syèl
la e




lapè sou tè-a
pou tout moun ki
fè volonte Li".



Bèje yo kouri al gade bò tonèl la. Lè
yo wè timoun nan, yo mache al di tout
moun ke yo wè sa zanj lan te di yo
osijè de Jezi.





Karant jou apre, Josèf ak Mari
Mennen Jezi nan tanp la ki te
nan lavil Jerizalèm nan.

Te gen yon nonm la
yo te rele Simeyon, li
pran Jezi nan bra-l e li
beni Bondye
pandan ke
Ana, yon
lòt sèvant
Bondye
kòmanse
louwe
Bondye.





Tou lè de te konnen ke Jezi se
te pitit Bondye, sovè Li
te pwomèt la. Jozèf
sakrifye 2 zwazo.
Se te ofrann lwa
Bondye te mande pou
pote lè yon
moun t-ap
prezante
yon
premye
pitit
gason
bay
Bondye.




Kèlke tan
apre, yon zetwal
espesyal dirije 3
savan ki tap
vwayaje soti
nan lès

pou yo ale Jerizalèm.
Savan yo mande: "Kote
rwa Juif ki fèk fèt la?
Nou ta renmen adore Li".




Rwa peyi-a ki te rele
Eròd, tande pale de
sa savan yo tap di. Sa
te twouble li e li voye
mande yo ki kote yo te
tande Jezi rete. Li di
yo konsa : "mwen ta
renmen adore-l tou"
selman, se manti li tap
bay. An verite,
se touye li
te bezwen
touye
Jezi.




Zetwal espesyal la dirije savan yo ekzakteman kote Mari ak Jozèf te rete ak Jezi. Yo ajenou an adorasyon devan Jezi e yo ba Li yon pakèt kado ki fèt ak lò ansanm ak yon pakèt gwo pafen tou.



Bondye avèti
savan yo pou yo
retounen lakay
yo an sekrè.



Rwa Eròd fache anpil lè li
aprann sa. li te si tèlman
anraje pou-l touye Jezi, li
fè touye tout ti gason nan
Betleyèm ak ozalantou ki
te gen mwens ke 2 zan.






Sèlman rwa Eròd pate ka
konpwomèt plan Bondye.
Anvan li fè kalite zak
mechanste sa-a, yon zanj
avèti Jozèf nan dòmi
pou li sove ak Mari
ak Jezi al kache
nan peyi Lejip.



Lè rwa Eròd mouri,
zanj lan retounen
pale ak Jozèf pou-
li li retounen nan
peyi Izrayèl
la.



Yo al abite nan ti vil
Nazarèt la, bò lanmè Galile-a.



Lè Jezi te fèt

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Matye 1 ak 2, Lik 1 ak 2


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





36



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'étènité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

